

Sis teknik anvan siz an: Sis teknik lekti timoun yo dwe aprann anvan yo gen siz an

Adaptasyon ak tradiksyon Kadidra Maten-Teliska (Kahdeidra Martin-Thelusca). Copyright © 2014.

1. Talan pou rakonte istwa

- Pale de jan jounen w lan te pase epi ki sa ki te rive pandan jounen an.
- Mande pitit ou a pou li esplike diferan bagay, diferan jan li santi | 😊 😐 😞 epi diferan bagay ki te pase.
- Fè pitit la rakonte w plizyè istwa...epi fè li esplike w desen istwa yo tou.

2. Rekonèt lèt

- Gade diferan fòm epi pale de yo (sèk ○, kare □, triyang △).
- Pale de lèt yo ki nan non pitit ou a epi aprann li kouman pou li ekri yo ✍.
- Chèche lèt sa yo toupatou.

3. Rekonèt mo nan liv

- Chèche mo 📖 toupatou.
- Aprann pitit ou kenbe liv la 📖 epi kite li vire paj yo.
- Pase dwèt ou anba mo yo lè ou ap li.

4. Rekonèt son

- Chante ak pitit ou a 🎵 epi jwe jwèt ki repete mo ki gen menm son.
- Chwazi yon son pou jounen an epi chache li nan kòmansman epi nan fen mo yo.
- Li liv ki gen anpil repetisyon ak mo ki gen menm son nan fen yo.

5. Ankouraje pitit ou a li

- Jwi moman lekti a ak timoun nan, fè kòm si w ap fè sa k ap pase nan istwa, epi ri fò.
- Li sa nou renmen 🍷.
- Pa gen pwoblem pou w sispann si pitit ou a fatige oubyen si li pa enterese ankò. Ou kapab eseye ankò pita.

6. Vokabilè

- Aprann pitit ou a non tout bagay.
- Pale anpil ak pitit la epi poze pitit ou a kesyon tou.
- Esplike li mo ki nèf yo.

**Adaptasyon sa a soti nan Enis Kenedi Chivè (Eunice Kennedy Shriver) Enstitin nasyonal pou sante timoun ak devlopman imèn.*